

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di Indonésia hususna, tradisi lisan mangrupa wujud kabudayaan nu geus aya ti jaman baheula. Ampir tiap daérah di Nusantara ngabogaan kabudayaan sorangan anu terus mekar sacara turun-tumurun ti generasi ka generasi.

Tradisi lisan anu aya di masarakat mangrupa gambaran ngeunaan kahirupan. Gumelarna karya sastra lisan diangkat tina padoman kahirupan masarakat, sabab pangarang téh bagian ti masarakat. Karya sastra anu dihasilkeunana ngandung ajén-inajén nu diagem ku masarakat di hiji wewengkon. Ku sabab kitu, pikeun mikaweruh kana hiji karya sastra bisa ditalungtik ku jalan maluruh kontéks sosial budaya kahirupan pangarangna, saperti disebutkeun ku Sumardjo (1981:31), yén ku jalan mikaweruh pangarang bisa mantuan neuleuman hiji karya sastra anu ngagambarkeun kanyataan masarakatna.

Tradisi lisan Sunda mangrupa wadah dina ngungkapkeun pikiran, sikep, jeung ajén-inajén budaya masarakatna. Carita nu nyampak di masarakat miboga fungsi salaku alat pikeun ngatik ngaliwatan carita. Koswara (2010:04) nétélakeun, “Karya sastra miboga fungsi ngahibur jeung méré pangajaran atawa pituduh”.

Carita rayat mangrupa salah sahiji bagian tina karya sastra. Carita anu nyebar di Nusantara loba rupana, kayaning légenda, fabel, mite, jeung parabel (Koswara, 2011:89). Carita rayat pinuh ku ajén-inajén anu méré pangaruh kana pamahaman ajén moral, kamekaran kacerdasan, jeung kamekaran émosional.

Kegiatan sastra di masarakat tradisional dilakukeun ku jalan dicaritakeun ku saurang tukang carita anu biasa umurna anu geus kolot. Carita téh ngan saukur ngandelkeun ingetan anu dicaritakeunana. Ku lantaran kitu, carita anu dicaritakeun pasti bakal béda-béda gumantung ka nu nepikeunana.

Dina tradisi masarakat tutur, sastra lisan beuki mekar. Ieu hal téh lumangsung lantaran masarakat jaman baheula can ngabogaan média pikeun hiburan ka anggota masarakat séjénna. Pikeun nyumponan éta hal diciptakeun carita-carita sastra pikeun ngirut panitén masarakat. Fungsi sastra lisan salian ti pikeun hiburan, bisa ogé jadi alat pikeun ngajarkeun atikan. Biasana dina sastra lisan mibanda ajén atikan nu dipercaya tur dijadikeun conto patokan ku masarakat. Ruhaliah (2011) nételakeun yén:

“Sastra lisan (dongéng) téh mangrupa bahan nu bisa dijadikeun kareueus ku para siswa, jadi kanyaah ka lemah caina, ngahudangkeun sumanget pikeun diajar, jeung rupa-rupa kaperluan séjénna. Dina dongéng réa pisan unsur atikan. Jadi ngadongéng ogé mangrupa média pikeun nepikeun étika, moral, pangaweruh, kaasih, jeung sagala hal nu patali jeung hadé goréng katut bener salah.”

Saluyu jeung kamekaran jaman timbulna alat hiburan saperti televisi jeung radio, barudak jaman kiwari leuwih resep kana tokoh pantasi nu asalna ti Barat, saperti Batman jeung tokoh-tokoh kartun lianna. Nu antukna ninggalkeun carita rayat (dongéng) nu sok dicaritakeun ku kolot ka anakna. Balukarna moral barudak jadi goréng, loba kajadian nu pikahariwangeun kayaning tawuran, géng motor, jeung réa-réa deui. Mun tayangan dina TV teu dibarengan ku naséhat jeung pamahaman agama teu mustahil timbul sifat kasar jeung ngajago dina jiwa barudak.

Lembaga sakola, salaku tempat ngatik ngadidik kudu bisa ngawanohkeun deui sastra lisan (dongéng) ka anak didik. Kitu deui pihak pamaréntah gawé bareng jeung masarakat kudu bisa ngarumuskeun kawijakan dina ngamumulé carita rayat salaku kaaripan lokal.

Sastra lisan hirup di sabagéan wilayah Indonésia, kitu deui di tatar Sunda di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis, anu tepi ka kiwari sumebarna can kungsi ditalungtik. Sastra lisan téh méh pareum saluyu jeung panutur anu umurna geus karolot, padahal ngabogaan fungsi pikeun ngébréhkeun alam pikiran manusa, sikep jeung ajén budaya masarakat nu ngadukungna, nu ngarojong kamekaran basa Sunda. Ku kituna, sastra lisan perlu dimumulé jeung

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dipiara. Ieu hal saluyu jeung Peraturan Daérah Propinsi Jawa Barat No. 5 ngeunaan basa, sastra, jeung aksara Sunda, jadi basa daérah téh dipiara ku nagara. Lian ti éta ogé aya rékoméndasi ti UNESCO, yén basa-basa indung nu aya di sakuliah dunya kudu dimumulé tur diriksa ku saréréa.

Salah sahiji cara miarana nya éta ngaliwatan panalungtikan sastra lisan ku jalan dirékam, ditranskripsikeun dina wangun tinulis. Kuayana hal ieu dipiharep sastra lisan teu leungit, hususna nu aya di sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

Panalungtikan kana sastra lisan (dongéng) kawilang penting pikeun maluruh rélevansi sastra lisan (dongéng) jeung kanyataan nu aya di masarakat. Ajén atikan nu aya dina sastra lisan (dongéng) ngagambarkeun réalita sosial nu mawa pangaruh ka masarakatna. Kukituna sastra lisan bisa dijadikeun medium pikeun mikanyaho réalitas sosial nu diolah kalawan kréatif ku pangarang.

Pamarekan struktural jeung ajén atikan mangrupa salah sahiji cara pikeun mikanyaho eusi sastra lisan. Unsur ajén atikan nu aya dina sastra lisan bisa jadi patokan dina kahirupan sapopoé jeung ngabeungharan batin masarakat.

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan sastra lisan (dongéng) di Jawa Barat nu geus dilaksanakeun, boh dina basa Indonesia boh basa Sunda, di antarana: “*Nilai Budaya, dan Konteks Cerita Rakyat Desa Panjalu, Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis (Model Pelestarian Nilai Budaya untuk Masarakat Desa Panjalu)*” kénging Tiolintan Simanungkalit (2000), “*Aspek Didaktis dalam Teks Cerita Sastra Lisan di Kabupaten Sumedang,*” kénging Yeti Setianingsih Spk. (2005), jeung “*Ajén-Inajén Étnopédagogi dina Dongéng di Kota Tasikmalaya (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik)*” kénging Wiwin Widaniawati (2011).

Tangtuna dongéng anu sumebar di tatar Sunda, loba kénéh anu can katalungtik jeung kakumpulkeun, sabab dongéng anu sumebar di tatar Sunda lain waé ratusan tapi meureun rébuan. Ieu hal kawatesan ku kamampuh nu nalungtikna jeung legana daérah anu aya di tatar Sunda.

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, ieu panalungtikan téh dijudulan “Sastra Lisan Anu Aya di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur jeung Ajén Atikan)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan inti pedaran masalah museur kana masalah, puguh galurna, jeung babari nganalisisna, ieu panalungtikan téh diwatesanan. Panalungtikan ngeunaan struktur museur kana galur carita, palaku, latar, jeung téma. Sedengkeun ngeunaan ajén-inajén museur kana ajén atikan. Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan di sabudeureun sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana pedaran di luhur, aya sababaraha pasualan anu perlu dirumuskeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Kumaha déskripsi sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis?
- 2) Kumaha struktur sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis?
- 3) Kumaha warna sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis?
- 4) Ajén atikan naon baé anu aya dina sastra lisan (dongéng) di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan panalungtikan nya éta pikeun maluruh struktur jeung ajén atikan sastra lisan (dongéng) nu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

1.3.2 Tujuan Husus

- 1) Ngadéskripsikeun sastra lisan lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis;
- 2) Ngadéskripsikeun struktur sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis;
- 3) Ngelompokkeun sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis; jeung
- 4) Ngadéskripsikeun ajén atikan dina sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Hasil panalungtikan ieu diharepkeun bisa aya mangpaatna boh sacara tioritis atawa sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Panalungtikan ieu bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan struktur jeung ajén atikan dina sastra lisan Sunda salaku kaaripan lokal anu perlu dimumulé.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis tina ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun pamaréntah, guru, jeung panalungtik.

- 1) Pikeun pamaréntah, kawijakan dina miara budaya Sunda perlu diraksa tur dimekarkeun salaku kaaripan lokal ngeunaan sastra lisan nu nyebar di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.
- 2) Pikeun guru, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun répérensi dina rencana pangajaran sastra, hususna dina analisis struktur jeung ajén atikan sastra lisan Sunda.
- 3) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan ieu bisa méré gambaran ngeunaan struktur jeung ajén atikan. Hasil panalungtikan bisa dijadikeun dokumén ngeunaan karya sastra lisan Sunda anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika nulis dina prakna nyusun tésis diébréhkeun dina wangun saperti ieu: Bab I Bubuka ngawengku: Kasang Tukang Panalungtikan, Watesan jeung Rumusan Masalah, Watesan Masalah, Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, Dépinisi Operasional, jeung Sistematika Tulisan. Bab II Foklor Lisan, Struktur, jeung Ajén Atikan. Bab III Méthode

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ngawengku: Data jeung Sumber Panalungtikan, Desain Panalungtikan, Méthode Panalungtikan, Définisi Operasional, Instrumén Panalungtikan, Téhnik Ngumpulkeun Data, Téhnik Ngolah Data. Bab IV Déskripsi jeung Analisis Data. Bab V Kacindekan Jeung Saran.

